



Rusama 2023

*kirundi*

# Baho vy'ukuri muri aka kanya!

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

---

## Haguruka!

(Luka 8,54)

Bakunzi ba go4peace,

KUBAHO ubishobora vy'ukuri MURU KANO KANYA. Iryo ni ijamba ririmwo ubwitonzi koko. Erega, EJO HAHISE ntushobora kuhagarukana ngo uhabemwo, mbere nta n'ico ushobora kuhahindurako. EJO HAZOZA naho ntiharagushikira, ntuhagaba. Ariko ga, erega n'ubuzima bw'UBU NYENE ntugire ngo burororshe. Twama twibuka n'ingoga igihe cahise, tubonye bishasha tukavyiyamiriza tuti : ivyo ntavyigeze biba! Canke tukihambirira ku vyaheze twitwaje ngo: „uko ni ko vyamye bimeze“! Twagira naho ngo turihweje ivya kino gihe, tukagurukira mu ndoto za kazozo, kandi tutagafise ubu. Ukwo kutangarira ivya kahise, canke ibizoza birashobora kutuzingamika bikatwononera akanya turimwo ubu.

„Haguruka!“ (Luka 8,54) Uko ni ko Yezu yabwiye umwigeme yari yizingiye mu ngorane ziwe. Ivyo vyari vyamumugaje, bimubuza kubaho vy'ukuri. Ica vyuyunye, n'uko yahavuye abura n'ubuzima. Yarapfuye. Muri ico gihe niho Yezu yahava akamwegera. Yaramuvugishije, amutegeka gusubira kuba muzima, ati: „Haguruka!“ Yumvise ivyo, aca asubira kuba muzima, aca ahaguruka UBWO NYENE.

Hari umusore w'umuyabaga yari yaragumiwe n'ubuzima. Ingwara yiwe yo mu mutwe yari yamuvunye umutima. Ikamubuza mbere no guhema. Yama kenshi mi bitaro. Buhoro buhoro arinanata aratorera inyishu ivyatuma agwara. Yarategereye ko ubuhirwe buri mu kubaho AKA KANYA K'UBU . Yari yarumvise ko abana bo muri Ukraine bariko batoza amahera mu gihe co guhimbaza umusi mukuru w'Abamajusi. Ariko ururimi be n'ukumenya aho badodora cari kibazo .Niho rero yabwira abavyeyi babo ko ashobora gufasha abo bana akabaherekeza mu mabarabara. Abavyeyi bavyemeranye akanyamuneza. Haciye igihe twarahwanye ambarira ati : uzi n'inkuru? „Ingabire naronse mu guherekeza barya bana, kabaye akanyamuneza numvise mu mitima y'abana. Kaciye kanyuzura nanje mu mutima wanje!“ – Baho vy'ukuri muri AKA KANYA!

Ku bwa go 4 peace Team

Meinolf Wacker